



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 62 MILYON DOLA TE APWOUVE POU AMELYORASYON SISTÈM DLO IZE AK DLO POTAB KI ENPÔTAN ANPIL

*Pwojè yo sitiye nan Rejon Kapital, Mid-Hudson ak Lwès New York*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal Eta New York la (New York State Environmental Facilities Corporation, NYS EFC) te apwouve plis pase 62 milyon dola finansman pou amelyorasyon sistèm dlo ize ak dlo potab ki enpòtan anpil. Pake finansman akoutèm yo, ki enkli sibvansyon yo te anonse anvan yo, ke Konsèy la apwouve yo ap bay kapital ki nesesè pou de minisipalite ak yon otorite publik pou antreprann pwojè konstriksyon enfrastrikti yo ak estimasyon depans total 84 milyon dola, pou pwoteje sante publik ak anviwònman an.

"Finansman sa enpòtan anpil pou sipòte objektif kalite dlo New York la lè yo bay kominote lokal yo resous pou modènize epi konsève sistèm dlo ize ak dlo trete yo," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Administrasyon mwen an angaje pou kolabore ak patnè nou yo nan gouvènman lokal la pou asire ke kominote tout gwosè ka envesti nan enfrastrikti dlo, estimile kreyasyon travay ak kwasans ekonomik pandan y ap pwoteje sante publik la epi amelyore kalite lavi nan kominote sa yo."

Apwobasyon Konsèy yo enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon yo te deja akòde konfòmeman ak Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik la (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA). Vizite [sitwèb](#) EFC a pou aprann plis sou opòtinite finansman enfrastrikti dlo.

Konsèy la te apwouve pake sibvansyon ak finansman pou de pwojè dlo ize:

- Buffalo Sewer Authority nan Konte Erie – 45.9 milyon dola pou modènize sistèm trètman segondè nan Izin Trètman Dlo Ize Bird Island lan. Pake sibvansyon ak finansman an genyen ladan 19,054,768 dola sibvansyon WIIA, 9,054,768 dola sibvansyon oswa egzonerasyon prè WIIA, 19,901,107 dola finansman akoutèm, san enterè ak 7,837,947 dola finansman akoutèm, nan to mache a.

- Konte Washington - 1,630,400 dola sibvansyon WIIA ak 12,836,201 dola finansman akoutèm, san enterè pou modènize izin trètman dlo ize Distri Egou Nim 2 a.

1,710,000 dola sibvansyon WIIA te apwouve tou pou Vil Yonkers nan Konte Wetchester. Sibvansyon an ap sipòte yon pwojè dlo potab apeprè 2.7 milyon dola pou enstale 2,000 pye lineyè tiyo dlo ak akseswa ki asosye yo sou tout Warburton Avenue, Lamartine Avenue ak Ashburton Avenue pou entèkonekte vil la ak zòn ki gen presyon ki wo ak ba yo nan vil la.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Anons jodi a se yon egzanp briyan sou kijan kolaborasyon ant gouvènman eta ak lokal yo ka fè yon diferans reyèl nan lavi Nouyòkè yo. Gras ak travay di Gouvènè Hochul ak patnè Lejislatif ak minisipal nou yo, kominote yo ka antreprann pwojè ki ranplase enfrastrikti dlo k ap vyeyi epi pwoteje dlo nou yo."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal ak Prezidan Konsèy EFC a, Basil Seggos, te deklare,** "Finansman sa yo enpòtan anpil pou asire ke yo fè modènizasyon ki nesesè nan enfrastrikti pou dlo pwòp Eta a. Sou lidèchip Gouvènè Hochul, ak angajman pou pwoteje kalite dlo New York ak envestisman rekò pou ede nou reyalize objektif nou yo, DEC a fyè pou li travay ansanm ak EFC a pou fè pwojè enpòtan sa yo avanse pou soutni sante kominote nou yo, anviwònman ak ekonomi an."

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Lè nou bay dlo potab ki pwòp epi ki san danje, sa se youn nan amelyorasyon enfrastrikti ki pi enpòtan New York ka bay minisipalite atravè eta a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman kontini li pou modènize epi rebati sistèm dlo ize ak dlo potab yo ki esansyèl pou sante piblik, ekonomi an ak pou kominote nan chak kwen eta a."

**Komisè Sante Eta New York la Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Dlo trete ki pwòp ak ekite sante ale men nan men epi Eta New York ap travay nan fason ki akselere ak gouvènman lokal yo pou jwenn finansman ki enpòtan pou modènize dlo pwòp nan kominote ki bezwen pi plis yo. Mwen ankouraje lokalite yo, patikilyèman nan kominote jistik anviwònmantal yo, pou aplike pou finansman eta a pou ede konpanse depans pou pwojè enfrastrikti sante piblik enpòtan sa yo.

### **Angajman New York pou Kalite Dlo**

New York kontinye ogmante envestisman nan pwojè enfrastrikti pou dlo pwòp yo. Gouvènè Hochul te anonse nan mwa avril, ke yo bay 638 milyon dola atravè EFC a pou kominote nan tout eta a pou finanse pwojè enfrastrikti dlo pwòp.

Sou lidèchip Gouvènè Hochul la, Bidjè ki Adopte a genyen ladan I yon lòt 500 milyon dola finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total envestisman Eta a nan dlo pwòp a 4.5 milya dola depi 2017. Li otorize tou yon lòt 1.2 milya dola pou yon total 4.2 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay

Ekolojik istorik la (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act). Inisyativ istorik ke elektè yo pral pran an konsiderasyon nan fen ane sa, pral bay sipò New York bezwen pou bay dlo potab, envesti nan enfrastrikti dlo enpòtan; retabli abita anviwònman, ak diminye risk inondasyon prezèvè espas anplennè nou ak fèm lokal nou yo. Sa pral pèmèt tou envertisman nan pwojè diminisyón chanjman klimatik ak adaptasyon ki pral redui polisyon lè, diminye emisyon kabòn ak amelyore kapasite pou kominote New York yo reziste ak ogmantasyon nan evènman meteyowolojik grav ak inondasyon ke klima a lakòz. Lwa sou Obligasyon an pral sipòte tou yon envertisman konsiderab nan inisyativ Ekolojik ak Netwayaj Lekòl (Clean Green Schools) la ki pral atenn chak lekòliblik ki nan yon kominote ki defavorize.

Anplis de Lwa ou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik la, Bidjè a gen ladan 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminisyón chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo.

### **Nou ankouraje Gouvènman Lokal yo patisipe nan ankèt sou bezwen basen vèsan ki pwòp yo**

EFC rekòmande minisipalite yo pou patisipe nan Ankèt sou Bezwèn Basen Vèsan Idwolik Pwòp Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Agency, EPA) la, ke EFC te lanse nan New York nan 1 mas. Patisipasyon an enpòtan paske li afekte ki kantite finansman federal y ap afekte nan Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) pou Eta New York pou finanse pwojè enfrastrikti dlo alavni yo. Yo mande minisipalite yo pou dokimante bezwen nan enfrastrikti pou dlo izé kominotè yo pou soumèt bay EPA. Ale sou <https://efc.ny.gov/needs> pou w soumèt dokiman yo ak pou jwenn resous pou ede avèk soumisyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)